Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 31 (9773) / 30 июль 2018 с. / итни 17 Зуль-Къаг1ада 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Жигараб г1ахьаллъи гьабиялде ах1ана



**«Инстаграм»** социалияб сеталда бугеб жиндирго **«гьумералда»** районалъул бет1ер Х1.Х1.Мусаевас районцоял ах1улел руго, Дагъистаналъул бет1ерасул ишал т1уралев В. Васильевас лъазабураб, нухмалъиялъе х1адурлъиялъул конкурсалда жигараб г1ахьаллъи гьабизе.

Дагъистаналъул къисматалде т1аса-масагояб берба-лагьи гьеч1езде гьес хъвалеб буго: **«Конкурсалъ нилъее рагьулел руго ц1иял «горизонтал» ва гьелъ хисизаризе бегьула г1адамазул г1умругун Дагъистан цебет1езабиялъул рахъал. Конкурсалда лъик1аздасан лъик1ал т1аса рищиялъул х1алт1и гьабизе буго «Россиялъул лидерал» федералияб конкурс жидеца т1обит1арал ва гьел т1орит1иялъулъ бажари бихьизабурал экспертаз. Гьабсаг1аталда Дагъистаналъе х1ажат руго – г1акъилал, лъай бугел, цере ч1арал ч1ах1ияб масъалаби, бищунго лъик1ал санаг1алъаби ч1езариялдалъун, бет1ералде рахъинарун бажарулел г1адамал. Щиб лъалеб, гьаб дир хит1аб ц1алулезулъги ратизе бегьула нухмалъиялъе махщел бугел г1адамал. Лъугьа ц1ияб ва лъик1аб гьабизе! Рач1а цадахъ г1уц1иялъулъе лъугьине»,** - ян.

## 19 сон т1убаялде…



18 августалда нилъер районалда тIоритIизе руго, I999 соналъ Дагъистаналде тIаде кIанцIарал бандформированиял щущахъ риххизариялъул 19 сон т1убаялда хурхарал, чуял рекеризариялъул къецал.

Дагъистаналъул промышленностальулгун энергетикаялъул министр С.-П.Д.Г1умахановасул х1аракатчилъиялда т1орит1улел гьел къецал г1уц1иялъул комитеталъул т1оцебесеб данделъиялда г1ахьаллъана - С.-п. Д. Г1умаханов, нилъер районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев ва Хасавюрт шагьаралъул администрациялъул бет1ер З.Д. Охъмазов.

Гьеб данделъиялъул хIукмуялда рекъон, къецазулъ гIахьаллъизе руго цого Дагъистаналъул чуял.

Бергьенлъи босарал чуязул бетIергьабазе гьенир кьезе рихьизарун руго къиматал сайгъатал.

## Лъим бачине байбихьана



**«Ишахиса лъим…»** абун **«Чапар»** газеталда (№30, 23 июль, 2 гьум) бахъараб макъалаялда хъван бук1ана гьениса,кват1ич1ого, лъим бачине байбихьизе бук1иналъул. Гьеб макъала къват1ибе лъугьинелде (19 июлалда) лъим бачиналда т1ад х1алт1и гьабизе байбихьана.

Лъим бачунеб бак1алде (3,5 км. манзилалда) нух ине буго, **«Мич1ил к1к1ал»** участокалъул ахадасан байбихьун, **«Гъолгъо»** мег1ералъул сирталдасан. Нух гьабиялда т1ад х1алт1улел руго бульдозеристал: Буртунай росулъа Тимирав Юнусов (**«С-100» трактор**), Дилималдаса Гъапур Мух1амадгъазиев ва Алмахъалдаса Муса Нуцалханов ( **«ДТ-75»** тракторалгун) х1ажалъи ккарабго, гьенив вач1ине х1адур вуго Бурнунаялдаса Гъайирбег Г1алиев (экскаваторщик).

Гьоркьоса къот1ич1ого, х1алт1и цебе иналъе гьенир ч1езарун руго киналниги шарт1ал: рега-рахъиналъе бак1, квен-т1ех, ц1атари ва гь.ц.

Богогьанлъун гьенив вуго Илияс Юнусов. Кванил ниг1матал ч1езариялъе квер бакъулел руго г1иял къаялъул бригадир, Буртунаялдаса Гъайирбег Гьолоевас. Гьал къояз, сайгъат - саламгун, гьенире щвана - райСобраниялъул депутат, Буртунаялдаса Г1усман Салманов, **«ВИТА»** медцентралъул директор Загьир Мусаев, **«Г1убайд»** ва **«Россия»** тукабазе нухмалъулел – Г1убайд Чубаев ва Х1ажи Жамалдинов, г1алимчи Анарбег Мух1амадов, Ичк1аялдаса Мух1амад-х1абиб Зайнудинов ва бизнесмен М-расул Мух1амадов, Дилималдаса Мух1амад Абузаров (Жоно), Анварпаша Шираев, Гъазимух1амад Джамалдинов, росдал Собраниялъул депутат Марат Болоц1илаев ва г1емерал цогидалги. Жиндирго **«Камаз»** автомашиналда хъарцщи-ц1ул гьенибе бач1ана Алмахъалдаса Батир Шираздиновас, гьесул кумекчаг1и: Г1абдулмут1алиб Будайчиевас, Ах1мад Г1алиевас ва Мух1амадкарим Хъазанбиевас. Буртунай, Алмахъ ва цогидалги росабалъа г1езег1анго г1адамал руго, х1ажалъи ккарабго, кумекалъе рахъине х1адурч1ун. Къварилунебщинаб гьениб ч1езабиялда т1ад, к1вах1тун,х1алт1улел руго Дилим ва Буртунай росабазул бут1рул: Ибрагьим Мух1амадов ва Ах1-мад Салманов, Алмахъ росдал жамаг1аталъул вакил Салман Сахрудинов. Гьенибе жигараб г1ахьаллъи гьабулеб буго 2-аб. ва 3-аб. классазул ц1алдохъаби: Мух1амад Гьолоевас ва Мух1амад-расул Сахрудиновас. Т1адехун рехсарал т1олазулго мурад буго къокъаб заманалда Ишахиса лъим лъабабго росулъе чвахизаби.





Гьай-гьай,лъелго унесецин зах1матаб бак1алдасан нух бахъи бигьаяб иш гуро, амма гьеб ишалъулъ г1адамал цольани ва гьелъие киназго бажараб ишалъулаб кумек гьабуни, рак1 ч1ола,нилъер газа кьурда рек1ине бук1иналда. Т1адбан, гьелда т1ад х1алт1иги гьабулеб буго.

Гьабсаг1аталда, **«Лабал ракьан»** абулеб участокалъул кьурулъан, (цо км. манзилалда) нух гьабун лъугьунеб бугин абизе бегьула.

## Субботник т1обит1ана



Дагьал цереге1ан къояз, гьуригун ц1ад баялъул х1асилалда, Дилим росдал «Салавюрт» микрорайоналда регизарурал гьут1баздаса, лъеца бач1араб рищни – къулалдаса бак1ал бац1ц1ад гьабиялъе т1обит1ана субботник. Гьенире г1ахьаллъана микрорайоналъул г1олилал.

*Информагентство «Салатавия»*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Команда лъикIаб бугони,..



Районцоязда лъала Калининаул росулъ кколел ругел хиса-басиязул (узухъда,лъикIаб рахъалдехун), администрациялъул бетIер ХIажи Сулейманович ХIажиевасул хIакъалъулъ цо чанго макъала газеталда бахъун букIараблъи.

Дагъал церегIан къояз дихъе рачIана цо чанго гIолохъанчи ва гьез дида абуна: **«М-шарип, дуда бихьула их байбихьаралдаса нилъер росдал гьумер кин хисулеб бугебали. ХIажил бетIерлъиялда, гIолохъабаз гIезегIанго хIалтIи гьабулеб буго гIадамазул рукIа-рахъин лъикIаб рахъалде буссинабиялъе. Бокьилаан гьелъул хIакъалъулъ дуца хъвазе,щай абуни, цогидал росабазул гIолилазги, нилъераздасан мисалги босун, гьединал хIалтIабазде байбихьизе ва гьелъ районалъулго сипат хисизабизе бегьула»**,-ян.

Гьай-гьай, гьарулел хIалтIаби дидаги рихьулаан, амма гьезул бицен гьабизе дандчIвазе рес кинго рекъолеб букIинчIо. Гьале, ахирги ниж дандчIвана (ХI.С. ХIажиевгун ва гьесул заместитель Б.Д.Ислаевгун).

Дица гьезие бицана гIолохъабазулгун ккараб гара-чIвариялъул. ХIажица абуна: **«Нижер хIакъалъулъ щибниги хъвазе кколаро,кинабго хIалтIи гьабулел чагIи гIолохъаби руго. Рецц-бакъ гьабун абулеб раг1и гуро, дир лъикIаб команда буго. Цадахъ рахъун хIалтIи гьабулел, жавабчилъи бугел,кьураб рагIи кколел гIолохъаби руго гьелъулъ. Узухъда, бетIерасда рихьизе ккола, тIоцебесеб иргаялда, гьаризе кколел хIалтIаби ва гьев къеркьезе ккола гьел бетIералде рахъинариялда тIад. Дица гIолохъабигун дандрала цере чIарал масъалаби.**

**Цинги ниж цадахъ ургъула гьел тIураялъе ресал ралагьиялда тIад. Циндаго кинабго хIалтIи гьабизе рес рекъоларо, амма дагь-дагьккун, цо-цо хIалтIи гьабичIогоги ниж чIоларо. Балъголъи гуро,хIукуматалъ росдае биччалеб гIарцул къадар мукъсанаб букIин. ГIолохъабаз гьелъулъ гьабула кумек, гьез, щибниги мухь гьечIого, гьабуна ва гьабулеб буго гIемераб хIалтIи.**

**Гьале, дудаго бихьула росдал центр цIигьабиялда тIад гьабулеб бугеб хIалтIи. ГIолохъаби кумекалъе рахъинчIелани, гьедигIанасеб хIалтIи гьениб гьабулароан. ГьабсагIат нилъ ина росдал «Ахикь» участокалда гьабураб хIалтIи бихьизе»**, -ян.

Гьенире щун хадусан гьес бицана: **«Дуда лъала гьаниб букIараб ахIвал-хIал. КIиго машина дандчIвани, гьезие ине нух гьаниб букIинчIо. Гьанже гьенисан техника иналъе щибниги квалквал гьечIо. Нух гIатIид гьабиялъе, жидерго мина-свериялда тIад бугеб ракь кьуна-Руслан Ислаевас, Салаводин(Сала) Чегуевас ва Муслим Чегуевас. Гьениса гIемераб ракь нахъе босизе ккана . Гьеб хIалтIи гьабизе кумекалъе вахъана Висамодин Халаев (160рейс). Нухабе ва гьеб участокалъул къватIазе чабах баччана Зубайри Арсахъаевас (170 рейс). Чабах баччизе экскаватор чIезабуна ва хIалтIизабуна Мухтар Сайхановас, бакIалда гьеб битIизабиялда тIад хIалтIана Раджаб Гъойтемиров(бульдозерист) ва МухIамадкамиль МухIамирзаев (грейдерист). Гьел хIалтIаби гьарилелде цебе, гьениса къотIун нахъе росизе ккана гIезегIанго гъутIби. Гьеб хIалтIи гьабиялда тIад, кIвахIтун, хIалтIана -ХIарсен, ХIажимурад ва ТIагьир ГIамиевал, ГIабдула Назархановы,Язид Гьашимов, Ризван Саладиханов, Руслан Эсенбаев, Залимхан Маккашарипов, Муса Чечильбиев, Г1умар Чегуев ва цогидалги.**



**Хасго дие рехсезе бокьун вуго Ризван Саладиханов, хIукуматалъул хIалтIуда вугониги, гьесда заман батана гьениб гьабулеб хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе»**,-ян.

Цо бак1алъул нухлул рагIалде бан бугоан гIезегIанго рищни-къул. Дица ХIажида гьикъана: **«ХIажи, росулъ рищни-къул баччизе машина чIезабун буго, гьаб гьенибе балел гIадамалгIаги щал?»**-ан.

Гьес абуна: **«ГIезегIанго заман буго рищни-къул баччизе техника чIезабуралдаса, амма цо-цо гIадамал раккулел руго, жидер мина-свери таралдаса, гьеб кибе баниги батIалъи гьечIел. Гьай-гьай, гьеб гьез къад гьабуларо. Чанго нухалда багейин гьараниги, гьелъухъ гьез гIинтIамулебги гьечIо»**,-ян.

Гьедин букIиналъ цIакъ рахIат хвезабун бугоан росдал бетIерасул. Гьеб битIарабги буго. ГIолеб гIелалъул ургъелги нилъеда батани, нилъ бусурбабиги ратани, бегьуларо гьединаб иш гьабизе. Гьениса бачIунеб махIалъ ва сверухълъиялъул сипат хвезабун букIиналъ рекIее лъикIаб асар гьабуларо. Рищни-къул нахъе босиялъухъ гIарац кьезе кIолареб батани, нилъецагогIаги ккола гьеб базе бихьизабураб бакIалде щвезабизе.

Бихьулеб букIахъе, дагь-дагьккун бугониги, цебехун унеб буго Калининаул росулъ нухал лъикIлъизариялда, лъим, ток, газ чIезариялда ва росдал гьумер цIилъизабиялда сверухъ гьарулел хIалтIаби. РакIалде ккола, гьедин гьабуни,гIемер кватIичIого, гьел суалал тIубанго бетIералде рахъине гьарилин.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ, Калининаул росу.*

*Инсан ва г1умру*

# Нилъ цолъани,..

Г1емерал сонал руго, районалъул цо-цо росабалъ, лъим г1олареб бук1иналъул, нухаздагун кьоязда т1ад х1алт1и гьабизе ккеялъул, г1ураб къаг1идаялда газгун ток ч1еяаризе к1унгут1иялъул бицунеб бугелдаса, амма хисулеб жо ц1акъ дагьаб гурони гьеч1о. Цогидаб г1олеб гьеч1ониги, х1ехьезе бегьула, амма лъим гьеч1ого, нилъ кинго х1ебт1уларо.

Х1ебт1ич1они щиб, лъим г1адамазе ч1езабиялъе гьабулеб х1алт1и г1ейгьеч1еб бугеб мехалда. Ахириял соназ г1емерго ц1ик1к1ана лъим г1адамаз, гьелъ гьеб г1олебги гьеч1о.

Цебего бицунеб бук1ана районалъул росабалъе Ишахиса Ахъташалъул лъим бачине рес бук1иналъул, амма гьелда т1ад х1алт1и гьабулеб бук1инч1о.

Дагьал цjudeрег1ан къояз дида раг1ана Ишахиса лъим бачине х1алт1абазде байбихьизе бугилан. Гьеб лъик1аб ишалъе кьуч1 лъурав чи ц1ехедал баянлъана, гьев Буртунай росдал бет1ер Ах1мад Салманов вук1ин. Гьес гьеб суал борхун бук1ин лъарал Дилим ва Алмахъ росабазул жамаг1атазеги бокьана гьелде гьоркьоре лъугьине, ай, жидер росабалъеги лъим бачине.

Лъим бачине байбихьиялъул х1акъалъулъ хъван буго «Чапар» газеталдаги (№30, 23 июль, 2 гьум.)

Гьеб суал бет1ералде бахъинабизе ккани, узухъда, х1ажалъула г1емераб г1арац. Х1исаб гьабидал баккулеб буго цо хъизаналъ гьенибе анц1азарго гъурущ кьезе кколеблъи. Гьай-гьай, гьеб къадар цо-цоязе буго ц1акъго г1емераб, цогидазе – щибниги гуреб жо. Бегьилаан ресалда ругез гьенибе ц1ик1к1араб къадар кьезеги, щай абуни, гьеб иш ккола Аллагьасул кириги г1адамазул баркалаги (бищунго ц1ик1к1ун) щолеблъун. Дилималда г1арац бак1ариялъул ва гьеб х1алт1изабизе кьеялъул суал т1аде босун буго районалъул имамзабазул Советалъул председатель Ах1мадрасул Качалаевас. Гьелда сверухъ гьабураб к1алъаялда гьес абуна: **«Лъим ч1езабиялъе бак1арараб г1арцул щибаб гъурщил дица жаваб кьезе ккола т1оцебе Аллагьасдаги хадуб г1адамаздаги цебе»**, - ян.

Гьедин абуралдаса хадуб, гьесул хьвада-ч1вадиялъулъ бугеб рац1ц1алъиялдеги балагьун, бегьиларо гурел харбалги т1ирит1изаризе.

Х1укуматалде т1амун теялъги, нилъецаго гьабунгут1иялъги гурищ нилъ гьанжелъизег1ан лъимги гьеч1ого ругел? Рукъоб лъим камизе бокьич1ес, базе ккола лъим т1езе х1авуз. Гьеб гьабизе ккани, гьабсаг1ат х1ажалъула 30-40 азарго гъурущ. Гьелъул х1исаб гьабуни, 10 000 гъурущ г1емераблъун кколаро. Циндаго бет1ералде бахъунеблъун лъим бачин кколарелъул, т1адехун рехсараб къадар г1арцул кьезе бегьула, ресалда рекъон, бут1а-бут1а ккунги.

Цо-цоязда рак1алде ккезе бегьула, х1укумат гьоркьобе лъугьинч1они, Ишахиса лъим бачине лъугьин г1ададисеб х1алт1и бугилан. Умумузул аби буго: **«Жамаг1аталъул газа кьурдаги рек1уна»**, - ян. Гьелъие цо гьит1инабго мисал бачун тезин. Дилимазда лъала Шавданалда лъел щиб ах1валх1ал бук1арабали. Гьенибе лъим бачине рак1алде ккарав, жиндир мунагьал чураяв, Х1амзат Мух1амадов (рукъ базе кьураб ракьги бичун) Шавданалде гьеб бачиналда т1ад х1алт1ана. Рук1ана гьесие кумекалъе рахъаралги.

**Х1асил:** къокъаб заманалда Шавданалде лъим чвахана.

Цоги, ч1ах1ияб г1елалда лъик1 лъала, нилъер районалъул бак1-бак1азда ругел ва г1адамазул ц1арал жидеда тарал иццал. Умумулъанго бач1ун буго гьеб, щай абуни, гьекъолеб лъим ракьулъан баккулеб бак1 къач1арав, санаг1алъаби гьенир ч1езарурав ва хадусан гьелда т1ад х1алт1арав чиясул ц1ар кьолаан умумуз иццуе. Дагьал гьеч1о гьединал иццал, кьоял, нухал ва цогидал бак1алги нилъер ракьалда. Лъик1аб бук1инаан, умумузул гьеб лъик1аб г1адат г1одобги теч1ого, нилъецаги г1адамазе санаг1алъаби ч1езариялъе бажарараб кумек гьабуни. Рак1ч1ола, нилъ цолъани, г1емераб х1алт1и гьабизе нилъеда бажаризе бук1иналда.

Аллагьас тавпикъ кьеги киназего г1адамазе пайда кьолебщиналъулъ жигараб г1ахьаллъи гьабизе.

*Х1.АДИМИРЗАЕВ, Жамг1ияб палатаялъул председатель, Дилим росу*

# РЕШЕНИЕ

**24 июнь 2018 г.** **№ 3/23**

**О проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования**

***В соответствии с пунктом 19 главы 3 Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «посёлок Дубки» утверждённого решением Собрания депутатов городского поселения от 06.04.2018г. №3/15 (далее – Положение), Собрание депутатов городского поселения».***

**РЕШИЛО:**

1.Объявить конкурс по отбору кандидатов на замещение должности главы муниципального образования «посёлок Дубки» на рассмотрение Собрания депутатов.

2.Установить дату проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «посёлок Дубки» - 05 сентябрь 2018 года.

Конкурс провести в здании администрации городского поселения «посёлок Дубки»

Время начала конкурса - 10:00 ч.

3. Утвердить прилагаемый порядок избрания главы муниципального образования «посёлок Дубки

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 06.08.2018г по 27.08.2018 года.

5. Определить место приёма документов - здание администрации посёлок Дубки в рабочие дни с 08:00 до 17:00.

6. Назначить следующих членов конкурсной комиссии (половина состава):

1) Газимагомедов М.А.

2) Исмаилов Р.Р.

3) Юнусов М.С.

7. Направить настоящее решение главе муниципального района для назначения второй половины состава конкурсной комиссии.

8. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации городского поселения в сети Интернет.

*Председателя Собрания*
*У.Х. АЛИЕВ.*

---

*Приложение*
*Утверждён решением*
*Собрания*
*Депутатов городского*
*поселения*
*от 24.07. 2018 г. № 3/23*

**ПОРЯДОК**
**избрания главы муниципального образования «посёлок Дубки»**

1. Глава городского поселения «посёлок Дубки» избирается Собранием депутатов городского поселения «посёлок Дубки» (далее – Собрание депутатов) из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса.

2. Вопрос об избрании главы муниципального образования из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса (далее - кандидаты), выносится на рассмотрение Собрания депутатов в срок не позднее 10 календарных дней со дня внесения конкурсной комиссией решения по результатам конкурса в Собрание депутатов.

3. Заседание Собрания депутатов проводится с участием кандидатов, отобранных конкурсной комиссией. Кандидаты извещаются Собранием депутатов о дате, месте и времени его заседания.

4. Результаты конкурса и информация о кандидатах на заседании Собрания депутатов представляются председателем конкурсной комиссии в его докладе.

5. Кандидаты на должность Главы городского поселения «посёлок Дубки» вправе выступить перед Собранием депутатов с изложением своей программы.

6. Избрание главы городского поселения осуществляется депутатами Собрания депутатов путём открытого голосования. В ходе голосования каждый депутат может голосовать только за одного кандидата.

7. Кандидат считается избранным главой городского поселения в случае, если за него проголосовало более половины от установленного числа депутатов Собрания депутатов. В случае если голосование проходило по двум кандидатам, ни один из кандидатов не набрал необходимого для избрания числа голосов, решение по избранию главы городского поселения признается не принятым, а выборы не состоявшимися.

8. В случае если голосование проходило по более чем двум кандидатам, и ни один из них не набрал необходимого для избрания числа голосов, проводится повторное голосование по двум кандидатам, набравшим наибольшее число голосов. При этом повторное голосование проводится на том же заседании Собрания депутатов.

9. По итогам повторного голосования избранным считается кандидат, получивший при голосовании большее число голосов депутатов по отношению к числу голосов, полученных другим кандидатом.

10. Результаты выборов главы городского поселения оформляются в форме протокола, который подписывается председательствующим и секретарём заседания Собрания депутатов.

11. Избрание главы городского поселения, а также признание выборов не состоявшимися оформляется Решением Собрания депутатов, не требующим дополнительного голосования.

# Риидалил байрам - лъималазул байрам



Гьединаб цIаралда гъоркь, дагьал церегIан къояз районалъул культураялъул Централда тIобитIана аваданлъиялъулгун кепалъул тадбир. **«Культура-Дагъистаналъул лъималазе»** проекталда хурхинабураб гьеб тадбир тIобитIана культураялъул Централъул хIалтIухъабазул хIаракатчилъиялда ва гьенире гIахьаллъана - **«Маргьа»,«РелъедакунчI»,«Къункъра»** лъималазул ахаздасагун реабилитационнияб Централдаса гьитIичал.

Лъималазда цере рахъиналъул программа хIадурун бугоан батIи-батIиял (мультфильмал рихьизари, расандаби, конкурсал,кьурдаби,кучIдул ахIи ва гь.ц.) бутIабаздасан.

Тадбир байбихьаралдаса ахиралде щвезегIан лъималаз гьелъулъ гьабулеб букIана **«чIагояб»** гIахьаллъи. Гьезул гьаркьаздасан, гьурмазда букIараб разилъиялъул гьимиялдасан бичIчIунеб букIана тадбиралъул программа гIуцIизе хIалтIухъабазда бажарун букIин ва лъимал гьезда ричIчIунел рукIин.

**«Маргьабазул сихIручи»** (гьесул роль хIалеб букIана МухIамад Дудуевас) лъималазда цеве вахъана **«БахIарчияв вас»** халкъияб маргьа бицине.Гьелъ, маргьабаздаса росарал-иллюстрациябаз, гьезул **«бахIарзазул»** суратаз ва кьер-кьерал шараз къачIараб залалъ лъималазул ракIазе гьабулеб букIана кIочонареб асар.

Тадбиралъул хIасилал гьарулелъул, ЦТКНРалъул директорасул заместитель Рамазан Гъанищевас абуна: **«Кинаб букIаниги байрам лъималазе букIуна рохалилаблъун.Нижеца хIаракат бахъана лъималазе сайгъат гьаризе – рохел, ихтилат-кеп, релъанхъизариялъул ва гьезул рекIел хIал лъикIлъизабиялъул лахIзатал»**,-ан.

*Сапият САЛИХIОВА, Дилим росу.*

---

# Бах1арчияб иш



Россиялъул гвардиялъул республикаялда бугеб Управлениялъул ОМОНалъул рагъухъан Х1осен Зайнудинов вук1араб машинаялда ц1а рек1ана. Хехлъи гьабун, ц1адуца сверун босараб машиналъухъеги векерун, Х1осеница гьелъуса къват1ире рахъула шофёрги ч1ужуг1аданги ва гьел х1инкъи гьеч1еб бак1алде щвезарула. Г1адамал хвасар гьарулаго, гьесул 30 процент къаркъалаялъул бух1ана ва гьев, лъугьа-бахъиналъул цогидал г1ахьалчаг1игун, больницаялде ккана.

Х1осенил командир, полковник Макка Къурбановас абуна: **«Хъулухъалъулъ Х1осеница живго вихьизавуна ях1-намус ц1ик1к1аравлъун, гьабулеб ишалъулъ таса-мах1лъи биччаларевлъун, рак1бац1ц1ад, т1адкъаял т1уралевлъун ва г1умруялъ цере лъурал масъалаби гьариялъе бажари бугевлъун.**

**Нижеца тамашалъи гьабич1о гьеб иш гьес гьабунин раг1индал, щай гурелъул, бат1айиса гьабизе намусалъ гьев виччаларев вук1ун. Гьабсаг1ат нижеца х1аракат бахъулеб буго гьев бах1арчиясе шапакъат кьезабизе»**, - ян.

*Информагентство «Салатавия»*

---

# Баркала нужее, лъикIал гIадамал!



Нижер Хубар росулъ букIана лъим гьекъезе бокьарав гурони аскIов лъалхъулареб, рехун тарабин абизе бегьулеб иц.

Гьеб гьедин букIин кинго рекIее гIолеб букIинчIо Салманова Навургъиз-кIодое. ГIезегIан заманалъ данде рехараб пенсияги хIалтIизабун, гьелъул анищ тIубазабиялда тIад хIалтIана гьелъул вас Адам, гьезда бажарана- иц,гьелда сверухъ бакI къачIаялда т1ад х1алт1изе. Ицда сверухъ ран руго къадал, тIад лъун буго тIох,



гьенир чIезарун руго хIайванал гьекъезе русби ва гьелда цебе бакI къачIан буго плитабаз. Гьенибе гьабун буго техника хьвадулеб нух,къачIан буго цебегосеб кьо.

Гьединго, гьенире хьвадулезе лъун буго цIулал кьоги. Ицда тIад гьабулеб аслияб хIалтIи лъугIун буго,ракIалде ккола, хутIараб гIиси-бикъинаб хIалтIиги къокъаб заманалда бетIералде бахъинин. Гьеб хIалтIи гьабиялъе Адамие кумекалъе рахъана жидее Аллагьасул рахъалдасан кириги гIадамазул баркалаги щвезе бокьарал гIадамал. Иц къачIаялъе гIарац кьуна гьелъул лъим хIалтIизабулезги гьелда гIагарда яшав гьабун ругезги.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, росдал жамагIаталъул рахъалдасан, иц къачIаялъе гIарац биччарал, гьелда тIад хIалтIарал киназего.

Узухъда, хасаб баркалаялъе мустахIикълъула иц къач1аялъе кьуч1 лъурал -Навургъиз Салманова ва гьелъул вас Адам. Баркала нужее, лъикIал гIадамал!

*Маржанат МАЗАКОВА, Хубар росу*

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка соблюдения требований законодательства об оплате труда.

Установлено, что открытым акционерным обществом **«Казбековское дорожно-эксплуатационное предприятие № 15»** заработная плата работникам за март-июнь 2018 года не выплачена. В результате образовалась задолженность в сумме более 1 млн рублей.

В защиту трудовых прав работников предприятия прокуратурой в адрес руководителя ОАО внесено представление об устранении нарушений закона.

Также в отношении него возбуждено административное производство по ч. 1 ст. ст.5.27 КоАП РФ (нарушение трудового законодательства).

***М.М.ХАЛИЛОВ,***
***прокурор района, старший советник юстиции***

# Последние известия

1. Президент России Владимир Путин прибыл в Йоханнесбург, где примет участие в саммите БРИКС.

2. Правительство России выделило 18 млрд рублей на создание инфраструктуры туристического кластера на Северном Кавказе, соответствующее постановление от 21 июля подписал премьер РФ Дмитрий Медведев.

3. Минобороны России выразило благодарность израильским военным за уничтожение на территории Сирии боевиков и ракетных установок запрещенной в России террористической группировки **«Исламское государство*»** и предотвращение крупной провокации.

**4.** **«Мосметрострой»** изучает возможность строительства тоннеля на объездной дороге вокруг Севастополя, рассказал генеральный директор акционерного общества Сергей Жуков.

5. Премьер-министр Японии Синдзо Абэ на встрече с внуками и правнуками, бывших жителей «северных территорий», как в Японии называют южные Курилы, подтвердил готовность решить территориальный вопрос с Россией.

6. Гражданин СНГ А. Мехралиев сделал фиктивную справку об обучении в махачкалинском колледже, чтобы остаться на территории Российской Федерации. Об этом информагентству сообщили в пресс-службе Погрануправления ФСБ по Дагестану.

7. Силовики задержали заместителя главы администрации города Махачкалы Курбана Курбанова, сообщил РИА «Дагестан» источник в силовых структурах республики.

8. С начала купального сезона в республике утонуло 12 человек, сообщили информагентству в пресс-службе Главного управления МЧС по Дагестану.

9. 25 июля, Председатель Правительства РД Артём Здунов провел совещание по вопросу упорядочения деятельности в сфере градостроительства в Республике Дагестан. «**Надо вернуть Махачкале образ доброго, безопасного и комфортного города**» - сказал он.

10. Чемпион UFC в легком весе Хабиб Нурмагомедов на своей странице в Инстаграм сообщил о скорой продаже эксклюзивных духов.

11. Махачкалинский **«Анжи»** до конца сезона взял в аренду полузащитника **«Ахмата»**-Роланда Гиголаева, сообщает сайт клуба.

12. Брат экс-руководителя главного бюро медико-социальной экспертизы Дагестана Магомеда Махачева Ашик Махачев отпущен под домашний арест.

13. Житель Бабаюртовского района Дагестана Ислам Алтавов утонул на море, пытаясь спасти двух детей. Одного ребенка мужчина успел вытащить на берег, второй ребенок и он сам утонили.

***Спорт - инсанасул сахлъи***

# Шахматал



21-22 июлалда Дубки посёлокалда тIобитIана, Дагъистаналъул кубокалъе гIоло, **«хехал»** (хIаялъе заман чIезабурал) шахматал хIаялъул III -аб. этап. Районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул жигаралдалъун тIобитIараб гьеб тадбир (тIадегIанлъиялъул рахъалъ) нилъер районалда тIоцебе тIобитIулеблъун ккола.

Гьенире гIахьаллъана тIолабго республикаялдаса 78 шахматист, гьезда гьоркьов- Халкъалда гьоркьосев россмейстер Джакай Джакаевги.

Къецал тIоритIана, ФИДЕялъул цIиял правилабазда рекъон, Швейцариялъул системаялда ва 9 туралдасан. Гьенире гIахьалъизе ихтияр букIана шахматал хIаялъул рахъалъ жидер разряд кIиабилелдаса гIодобе гьечIезул. ТIоцебесеб къоялъ гьениб тIобитIана 6 тур, кIиабилелъ-3 тур. ХIалезе гьениб бихьизабун букIана 12 тIоцебесеб бакI (гьезда гьоркьор, батIа-батIаго ,-инвалидал, ветеранал, руччаби, ясал,2001 ва 2006 соназ гьаруралгун гьездаса дагьалъ гьитIинал гIолилал).

Турниралда бергьенлъи босаравлъун рикIкIана МахIачхъала шагьаралдаса Халкъалда гьоркьосев гроссмейстер МахIарам МухIамадов, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе мустахIикълъана гьенисаго Руслан Мусалов ва Тата Бариев.

Нилъер шахматистазул цоабилеб бакIалде вачIана Дилим росулъа Таслим Эсенаев, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде рачIана- Дубки посёлокалдаса МухIамад Ахсагов ва АгахIажи МухIамадов.

Призалъулал бакIал росаразе гьенир кьуна, районалъул администрациялъул рахъалдасан,- медалал, кубокал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Гьединго, грамотабаздалъун ва призаздалъун гьенир кIодо гьаруна, бергьенлъиялде жигар бахъиялъухъ, Буртунаялдаса Ризван Мусаев (3 очко) ва Дубкиялдаса МВДялъул ветеран Гьимат КъурахIмаев (2 очко).

РакIалде ккола гьединал турнирал нилъер районалда тIоритIи гIадатлъун лъугьинин.

***И.БУЛАТХАНОВ.***

# Росдал магIишаталда

23 июлалда нилъер маг1ишатаз (**СПК**ял, **ГУП**ал, **МУП**ал, **ЛПХ**ял, **КФХ**ял ва гь.ц.) районалъул росдал маг1ишаталъул Управлениялде рач1арал баяназда рекъон, хаслихъе культураби рак1ариялъул ва г1и – боц1уе раг1и – хер х1адуриялъул кампания ахиралде щолеб буго.



Киналниги хаслихъе культураби рекьун рукIун ратани (ролъ, пурчIина, кормаби) 1754 гектаралда (ролъ-1414 га, пурчIина- 185 га, хъач1аб раг1и-хер, силос - 153 га), ролъ бакIарун буго 1040 гектаралдаса, пурчIина бакIари бетIералде бахъун буго. Гьелъул кинабниги бачIин бахуна 390 тоннаялде.(цо гектаралдаса- 21,1ц.) Ролъул бачIин (23 июлалде) бахуна 2267 тоннаялде (1 гаялдаса – 21,8 ц.).

ХIадурараб рагIи-хералъул къадар буго I6I87т., сенажалъул-200т., хьотIол- 164т. ва силосалъул-950т. Божи лъола ( гьелъие гIураб заманги буго), росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз гIуцIиялда хасел нухда тIамиялъе хIаракат бахъизе букIиналда.

***ГIабдулатIип ГIАБДУЛАТIИПОВ, УСХялъул бетIерав агроном.***

БетIерав редактор:
Мухтар ГIалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
МухIамад-Шарип
ГIабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
ХIалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Сапият СултанмухIамадова
Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева,
Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна
редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368141, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №104 Тираж 1130
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола